

PASINAON NYERAT UKARA AKSARA JAWI

(Studi Kasus ing Kelas VII A SMP Negeri 2 Baki

Semester 2, Tahun Pasinaon 2013 / 2014)

TESIS

Kangge Hanjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat Magister

Program Studi Magister Pendidikan Bahasa



Kaanggit dening

Lilieek Sudarmini

NIM. 13PSC01556

PROGRAM PASCA SARJANA

UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN

2015

PASARUJUKAN

PASINAON NYERAT UKARA AKSARA JAWI

(Studi Kasus ing Kelas VII A SMP Negeri 2 Baki



Semester 2, Tahun Pasinaon 2013/2014)

Dening

Liliek Sudarmini

NIM. 13PSC01556


Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pamong

	Tapak Asma	Tanggal
Pamong 1 Dr. H.D.B. Putut Setiyadi, M.Hum NIP. 19600412 198901 1 001		20/3 ¹⁵
Pamong 2 Dr. Hj. Hersulastuti, M.Hum NIP. 19650421 198703 2 002		25/3 ¹⁵

Kauningan

Ketua Program Studi Magister Pendidikan Bahasa




Dr. H.D.B. Putut Setiyadi, M.Hum
NIP. 19600412 198901 1 001

PANGESAHAN

PASINAON NYERAT UKARA AKSARA JAWI

(Studi Kasus Ing Kelas VII A SMP Negeri 2 Baki

Semester 2, Tahun Pasinaon 2013/2014).

Dening

Liliek Sudarmini





NIM. 13PSC01556

Sampun pikantuk pasarujukan miwah pengesahan
dening Tim Penguji :

Kalenggahan

Asma

Tapak Asma

Pangarsa	Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd	
Panitera	Dr. Iswan Riyadi, M.M.	
Panguji 1	Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum	
Panguji 2	Dr. Hersulastuti, M.Hum	

Kauningan

Direktur Pasca Sarjana

Ketua Program Studi
Pendidikan Bahasa



Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd
NIK. 690 115 345

Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum
NIP. 19600412 198901 1 001

PRATELA

Ingang tapak asma ing ngandhap punika, kula :

Nama : Liliék Sudarmini

NIP : 13 PSC01556

Mratelakaken kanthi sayektosipun bilih Tesis ingkang irah-irahanipun “Pasinaon Nyerat Ukara Aksara Jawi (Studi Kasus ing Kelas VII A SMP Negeri 2 Baki, Semester 2, Tahun Pasinaon 2013 – 2014)” menika seratan kula piyambak. Prakawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebetipun Tesis punika dipun sukani tandha *sitasi* lan dipun tedahaken ing salebeting kapustakan.

Mbok bilih ingkang mangkenipun kabukten bilih pratela kula punika mboten leres, kula sagah nampi *sanksi akademik* arupi dipuncabutipun Tesis saha gelar saking Tesis kasebat.

Sukoharjo,

Ingang damel pratela

Liliék Sudarmini
NIM. 13 PSC01556

SESANTI

1. Ngelmu iku kalakone kanthi laku
 - Ilmu itu bisa diraih dengan cara (pangorbanan) (Paku Buwana IV)
2. Aja dumeh (paribasan jawi)

PISUNGSUNG

Tesis kanthi irah-irahan “Pasinaon Nyerat Ukara Aksara Jawi (Studi Kasus ing Kelas VII A SMP Negeri 2 Baki, Semester 2, Tahun Pasinaon 2013/2014)”
pisungsung kagem :

1. Garwa kula Sugiman, ST ingkang tansah setya, sabar, paring panjurung saha pandonga amrih gancaring sedaya pakaryan kula
2. Anak kula kinasih Aziz Widanarko saha Yasinta Aziz ingkang tansah damel mongkog miwah bingahing manah.

ATUR SAPALA

Pindhaning kajugrugaan wukir sari saha karoban seganten madu bingahing raos panaliti saged kadumugen ngrampungaken ayahan luhur tumraping mahasiswa S2. Pramila mboten katalumpen puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Pangeran ingkang maha kuwasa ingkang sampun paring lumbering sih kanugrahan, pangayoman miwah karaharjan dumugi purnaning panyeratan tesis punika.

Tesis kanthi irah-irahan “Pasinaon Nyerat Ukara Aksara Jawi (Studi Kasus ing Kelas VII A SMP Negeri 2 Baki Semester 2, Tahun Pasinaon 2013/2014) menika dipun damel kangge hanjangkepi saperangan syarat anggayuh Drajat Magister Program Studi Magister Pendidikan Bahasa Universitas Widya Dharma Klaten. Minangka panaliti kula nglenggana saha ngrumaosi kathah sanget paran para ing Program Pasca Sarjana, Program Studi Pendidikan Bahasa Universitas Widya Dharma Klaten ingkang sampun paring pambiyantu, panjuring, tuwin tuntunan ngantos purnaning panyeratan tesis punika. Awit saking punika panaliti ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan dhumateng ingkang kinurmat :

1. Bapak Prof. Dr. H. Triyono, M.Pd, Rektor Universitas Widya Dharma Klaten.
2. Bapak Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd, Direktur Program Studi Pasca Sarjana Universitas Widya Dharma.
3. Bapak Dr. H.D.B. Putut Setiyadi, M.Hum, Ketua Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pasca Sarjana, Universitas Widya Dharma Klaten, saha

minangka dosen pamong I ingkang sampun paring panuntun miwah panjuring wonten ing panyeratan Tesis menika.

4. Dr. Hj. Hersulastuti, M.Hum, minangka dosen pamong 2 ingkang sampun paring wewarah saha panuntun salebeting panyeratan tesis punika.
5. Jaka Supaya Bagya S., S.Pd, M.Pd, kepala SMP Negeri 2 Baki, Sukoharjo, ingkang sampun paring idi palilah panaliti ngawontenaken panaliten wonten sekolah ingkang dipun pangarsani.
6. Sriyono, S.Pd, guru Basa Jawi SMP Negeri 2 Baki Sukoharjo ingkang sampun maringi wekdal panaliti kangge nindakaken panaliten babagan pasinaon ingkang sampun katindakaken ing kelas VII A SMP Negeri 2 Baki, Sukoharjo

Pungkasaning atur, ing pangajab mugi tesis punika wonten guna paedahipun tumrap pamekar ngrembakanipun basa sastra tuwin aksara Jawi, mbok bilih wonten kirang miwah kaladuking atur, panaliti nyuwun agunging samodra pangaksami. Matur nuwun.

Sukoharjo,

Panaliti

Lilie Sudarmini

NIM. 13 PSC01556

DAFTAR ISI

	Halaman
PASARUJUKAN	ii
PENGESAHAN	iii
PRATELA	iv
SESANTI.....	v
PISUNGSUNG MIWAH BEBUNGAH	vi
ATUR SAPALA	vii
DAFTAR ISI	ix
DAFTAR TABEL	xii
DAFTAR G AMBAR	xiii
DAFTAR LAMPIRAN	xiv
SARIPATHI	xv
ABSTRAK	xvi
<i>ABSTRACT</i>	xvii
BAB I PURWAKA	
A. Lelarahaning Prakawis	1
B. Idhidentifikasi Prakawis	5
C. Wewatesaning Prakawis	6
D. Momotan Prakawis	6
E. Ancasing Panaliten	6
F. Mumpangating Panaliten	7
BAB II LANDHESAN TEORI, PANALITEN INKGANG GAYUT, LAN CENGKORONGANING PAMIKIR	
A. Landhesan Teori	9
1. Nengrengan Lampahan Pasinaon (RPP)	9
2. Pasinaon	13
a. Wredining Pasinaon	13
b. Ancas lan Tumindakng Pasinaon	14
c. Modhel Pasinaon	16
d. Pambijining Pasinaon (Evaluasi).....	18

3. Pasinaon Basa Jawi	21
a. Wredininipun Pasinaon	21
b. Panggulawenthahipun/Pengelolaan Kelas	24
c. Motivasi (Panjurung) Sinau	25
d. Model lan Metode Pasinaon	28
e. Media Pasinaon	31
4. Pasinaon Nyerat Ukara Aksara jawi	33
a. Wredinipun Nyerat	33
b. Kagunanipun Nyerat	34
c. Ancasipun Nyerat	35
d. Mupangatipun Nyerat	37
5. Ukara	39
a. Pangertosan Ukara	39
b. Jinising Ukara	41
6. Aksara Jawi	46
a. Carakan	46
b. Pasangan	49
c. Sandhangan Aksara jawi	55
d. Pada	57
7. Makna Filosofis Aksara Jawi	60
B. Panaliten ingkang Gayut	62
C. Cengkoronganing Pamikir	64
BAB III METODOLOGI PANALITEN	
A. Papan saha Wekdal Panaliten	66
1. Papan Panaliten	66
2. Wekdal Panaliten	66
B. Wujud Panaliten	67
C. Jinising Dhata lan Sumber Dhata	69
D. Teknik Ngempalaken Dhata	70
1. Observasi	70
2. Wawan Rembag	71

3. Dhokumen	72
E. Validitas Dhata	76
F. Tehnik Analisis Dhata	76
BAB IV ASILING PANALITEN LAN PANGREMBAGIPUN	
A. Dhata Ingkang Kapanggihaken	82
1. Rancangan Pasinaon	83
2. Caranipun Pikantuk Pratelan Idhentitas Dhata	85
3. Pratelan Idhentitas Dhata (PID) ing Panaliten	85
4. Caranipun Pikantuk Unit Dhata Utama (Udhaut)	92
5. Unit Dhata Utama (Udhaut) ing Panaliten	94
B. Pangrembagipun	111
1. Pangrembagipun Udhaut	112
2. Pangrembagipun Asiling Wawan Rembag, Silabus, RPP, lan Evaluasi	164
C. Ringkesan Asiling Pirembagan	176
BAB V PANUTUP	
A. Dudutan	180
B. Implikasi	181
C. Pamrayogi	181
KAPUSTAKAN	184
LAMPIRAN-LAMPIRAN	187

DAFTAR TABEL

	Halaman
1. Aksara Dentawyanjana	46
2. Pasangan Dentawyanjana ingkang Tetep Kados Aslinipun	50
3. Pasangan Dentawyanjana Tugelan Mapan ing Wingking Aksara	50
4. Sandhangan Swara	55
5. Sandhangan Wyanjana	56
6. Sandhangan Panyigeg Wanda	57
7. Pangkon utawi Paten	57
8. Warni-wanining Pada	58

DAFTAR GAMBAR

	Halaman
1. Triangulasi	20
2. Cengkoronganing Pamikir Lampahing Pasinaon	64
3. Pitung Lampah Nyawisaken Dhata Utama	74
4. Limang Lampah Analisis Dhata	77

DAFTAR LAMPIRAN

1. Profil Sekolah
2. Kurikulum Mata Pelajaran Muatan Lokal (Bahasa Jawa untuk Jenjang Pendidikan SMP/SMPLB/MTs Negeri dan Swasta Provinsi Jawa Tengah
3. Silabus Mata Pelajaran Bahasa Jawa
4. Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) Bahasa Jawa
5. Sumber Pasinaon
6. Kriteria Ketuntasan Minimum (KKM)
7. Daftar Hadir Siswa Kelas VII A
8. Daftar Nilai Siswa Kelas VII A
9. Tekstualisasi Pasinaon Nyerat Ukara Mawi Aksara Jawi
10. Cathetan Wawan Rembag (*Wawancara*) kaliyan Guru
11. Cathetan Wawan Rembag (*Wawancara*) kaliyan Siswa
12. Lembar Wangsulan Evaluasi Siswa
13. Foto Dhokumen Panaliten

ABSTRAK

Liliek Sudarmini 13PSC01556 2014. **PASINAON NYERAT UKARA AKSARA JAWI (STUDI KASUS DI KELAS VII A SMP NEGERI 2 BAKI SEMESTER 2 TAHUN PELAJARAN 2013/2014)**. Tesis, Program Studi Pendidikan Bahasa Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten. 2014.

Rumusan masalah penelitian ini adalah (1) bagaimanakah pelaksanaan pembelajaran menulis kalimat aksara Jawa di kelas VII A SMP Negeri 2 Baki, semester 2, tahun pelajaran 2013/2014 dan (2) apakah yang menyebabkan pembelajaran menulis kalimat aksara Jawa di kelas VII A SMP Negeri 2 Baki, semester 2 tahun pelajaran 2013/2014 berlangsung sebagaimana yang terjadi ketika observasi dilaksanakan.

Landasan teori dalam penelitian ini : hakikat pembelajaran, tujuan dan pelaksanaan pembelajaran, model pembelajaran, evaluasi pembelajaran, perangkat pembelajaran, pengertian dan tujuan menulis, jenis tulisan, pengertian kalimat, jenis kalimat, huruf Jawa, makna filosofis huruf Jawa, dan studi kasus.

Metode yang digunakan adalah penelitian kualitatif deskriptif dengan pendekatan studi kasus pada pembelajaran menulis kalimat menggunakan huruf Jawa di kelas VII A SMP Negeri 2 Baki, semester 2, tahun pelajaran 2013-2014.

Pernyataan Identitas Data (PID) diperoleh dari hasil observasi dengan cara merekam atau menyuting. Hasil rekaman atau shooting selanjutnya ditekstualisasi dalam bentuk multikolom yang terdiri atas tapak-tapak jejaring (tajering). Setiap tajering mengandung satu tempa maka tersusunlah PID (Pernyataan Identitas Data) dalam penelitian ini ada 62 PID yang kemudian direduksi menjadi 47 Unit Data Utama (Udaut). Udhaut ini kemudian dibahas. Pembahasan mengenai aspek guru, siswa, materi, metode dan evaluasi.

Berdasarkan analisis data, dapat disimpulkan bahwa (1) Pelaksanaan pembelajaran menulis kalimat aksara Jawa : (a) guru sudah menguasai materi menulis aksara Jawa, (b) materinya sederhana, (c) pembelajaran menggunakan metode ceramah dan pemberian tugas (d) evaluasi yang dilaksanakan dapat digunakan untuk mengukur hasil pembelajaran menulis kalimat aksara Jawa (e) banyak siswa yang sudah dapat menulis kalimat aksara Jawa. (2) Penyebab pelaksanaan pembelajaran menulis kalimat aksara Jawa : (a) guru kurang menguasai media pembelajaran (laptop, LCD) dalam menyampaikan pembelajaran menulis kalimat aksara Jawa, (b) materinya sederhana karena disesuaikan dengan tingkatan kelas (c) metode yang digunakan sesuai dengan RPP dengan langkah-langkah yang benar, dan menjadikan siswa giat dalam mengikuti pembelajaran, (d) evaluasi yang dilaksanakan dapat digunakan untuk mengukur hasil pembelajaran karena pelaksanaan evaluasi diberikan tepat waktu dengan pemberian tugas akhir (evaluasi), (e) siswa sudah dapat menulis kalimat aksara Jawa sebab sudah banyak yang hafal aksara Jawa dan pasangannya.

Kata kunci : Pembelajaran menulis kalimat aksara Jawa, penelitian studi kasus.

SARI PATHI

Liliek Sudarmini 13PSC01556 2014. **PASINAON NYERAT UKARA AKSARA JAWI (STUDI KASUS ING KELAS VII A SMP NEGERI 2 BAKI SEMESTER 2 TAHUN PELAJARAN 2013-2014)** Tesis. Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.

Rancanganipun prakawis panaliten menika : (1) kados pundi lampahipun pasinaon nyerat ukara aksara Jawi ing kelas VII A SMP Negeri 2 Baki semester 2, tahun pelajaran 2013-2014 saha (2) menapa sebabipun pasinaon nyerat ukara aksara Jawi ing kelas VII A SMP Negeri 2 Baki semester 2, tahun pelajaran 2013-2014 kaleksanan kados dene ingkang ketinggal nalika observasi kalampahaken.

Lambaranipun teori wonten ing panaliten inggih menika : hakikat pasinaon, ancas ugi lampahipun pasinaon, model pasinaon, evaluasi/pambiji pasinaon, prabot pasinaon, pangertosan ugi ancasipun nyerat, jinisipun nyerat, pangertosan ukara, aksara Jawi, maknanipun filosofi aksara Jawi, studi kasus.

Metodhe ingkang kaginaaken inggih menika panaliten kualitatif deskriptif kanthi pendekatan studi kasus ing pasinaon nyerat ukara aksara Jawi ing kelas VII A SMP Negeri 2 Baki, semester 2 tahun pelajaran 2013-2014.

Pratelan Idhentitas Dhata (PID) kapanggihaken sakini g asiling observasi kanthi ngrekam utawi nyoting. Asiling rekaman utawi shotingan dipun tekstualisasi kanthi multi kolom ingkang kadadosan saking tapak-tapak jejaring (tajering). Saben tajering ngemot setunggal tema. Ingkang salajengipun karakit dados Pratelan Idhentitas Dhata (PID). Ing panaliten menika wonten 62 PID lajeng dipun reduksi dados 47 Unit Dhata Utama (Udhaut). Udhaut salajengipun dipun kaji/ulas ngengengi aspek guru, siswa, materi, metodhe, saha pambiji (evaluasi)

Adhedasar pangoncekipun dhata, saget dipun pendhet dudutan : (1) lampahipun pasinaon nyerat ukara aksara Jawi, (a) guru sampun saget nguwaosi piwulang/materi nyerat ukara aksara Jawi, (b) materi samadya utawa prasaja, (c) pasinaon nggunaaken metodhe ceramah ugi tugas, (d) pambiji ingkang dipun tindhakaken saged kangge ngukur asiling pasinaon nyerat aksara Jawi, (e) kathah siswa sampun saged nyerat ukara aksara Jawi; (2) sebab musababipun lampahipun pasinaon nyerat ukara aksara Jawi : (a) guru mboten ngginakaken media pasinaon (laptop, LCD) wonten sajroning lampah pasinaon nyerat ukara aksara Jawi, (b) materinipun samadya amargi kajumbuhaken kaliyan tataran kelas, (c) metodhe ingkang dipuncakaken jumbuh kaliyan RPP, kanthi urutan ingkang runtut, saha damel siswa greget nderek pasinaon, (d) pambiji/evaluasi ingkang dipuncakaken saged ngukur asiling pasinaon awit lampahipun evaluasi/pambiji jumbuh kaliyan wekdal saengga pungkasan siswa dipun paring tugas/*evaluasi*, (e) siswa sampun saged nyerat ukara aksara Jawi amargi sampun apal aksara Jawi sarta sandhangan ugi pasanganipun.

Wosing tembung : Pasinaon nyerat ukara, aksara Jawi, panaliten studi kasus.

ABSTRACT

Liliek Sudarmini. 13PSC01556. 2014. **THE TEACHING AND LEARNING OF WRITING SENTENCES IN JAVANESE LETTER (A CASE OF STUDY ON THE SEVENTH YEAR STUDENTS CLASS A BAKI 2 SENIOR HIGH SCHOOL ODD SEMESTER ACADEMIC YEAR OF 2013/2014)**. Thesis Language Study Program Graduate Program, University of Widya Dharma Klaten. 2014.

The formulated problems of the study are : 1) How to conduct teaching learning process of writing sentences in Javanese letter for the seventh grade students of class A Baki 2 Senior High School odd Semester Academic Year of 2013/2014. 2) Why is writing Javanese letter taught in grade VII A Baki 2 Junior High School on odd Semester Academic Year 2013/2014 running successfully as usual when the observation done.

The basic theory of this study are the following nature of teaching learning, the aim of study, learning's modal, learning's evaluation, learning's tool, the meaning and the aim of writing, kinds of writing, the meaning of sencece, kinds of sentences, Javanese letter, philosophical meaning of Javanese Letter and Case of Study.

The method used in this research is descriptive qualitative using study case approach in learning writing sentences use Javanese letter in VII A Baki 2 Junior High School Odd Semester academicYear 2013/2014.

The Statements of Data- Unit (PID) get from the result of observation in ways recording or video shooting. The recording and shoting result will be textualize in multi columns that include Tapak- tapak Jejaring (Tajering). Each Tajering include one theme so will be arrange the PID (Statement unit data). In this reasearch there are 62 PID then reduction became 47 main unit data (Udaut). Then we can conclude, the discussion about teacher's aspect, students, materials, method, and evaluation.

Based on the data analysis, it can conclude that: 1) the teaching learning writing sentence in Javanese Letter : a) The teacher had authorize the writing material in Javanese Letter. b) the materials is so simple. c) the learning use the speech method and giving an exercise. d) the evaluation that had been done can't use to measure the result of learning sentence in Javanese letter. e) many students can write a sentence in the for of Javanese letter. 2) the influence factor of learning writing sentence in Javanese letter are : a) the teacher lesson authorize the learning's media (laptop, LCD) in delivered the learning writing sentence in javanese letter. b) the materials is simple because match withe the grade. c) the use of method match with the teacing planing programme with the correct steps and makes students dilligent to follow the learning process. d) the evaluation that done can't use to measure the result of learing because the evaluation given un match with the real time and finally given by the task. e) students can write the sentence in javanese letter because many students can memorize the javanese letter and the rules.

Key word : Teaching and learning writing sentences, In Javanese Alphabetical letter, study of case research.

BAB I

PURWAKA

A. Lelarahipun Prakawis

Pasinaon inggih punika proses sesambetan antawisipun guru kaliyan siswa salebetipun nggayuh satunggaling kompetensi ingkang kaajab ing mata pelajaran tinemtu. Salebetipun proses pasinaon kasebat siswa minangka *subyek* pasinaon, dene guru minangka *fasilitator* saha *motivator*. Guru kedah saged ndamel swasana pasinaon ingkang ngremenaken saha trep wekdalipun amrih ancasing pasinaon saged ginayuh. Kangge mujudaken swasana pasinaon ingkang ngremenaken saha trep wekdalipun dipunbetahaken kaprigelan pangelolan (managemen) kelas ingkang sae. Kanthi pangelolan kelas ingkang sae badhe mangaribawani kasilipun pasinaon. Pangelolan kelas ingkang sae dipunbuktekaken kanthi panganggenipun *pendekatan* saha metodhe ingkang trep, bahan ajar ingkang ngremenaken, panganggenipun wekdal ingkang trep, cara maringaken seserepan ingkang ngremenaken saha sanes-sanesipun. Pasinaon piwulang punapa mawon mbetahaken kawontenan ingkang kados makaten punika, kalebet ugi pasinaon basa Jawi.

Lelimbangan ingkang kangge dhasar nemtokaken bilih obyek panaliten babagan nyerat ukara aksara jawi kanthi paugeran ingkang trep ing SMP Negeri 2 Baki Sukoharjo inggih punika: Sepisan, ketrampilan nyerat mujudaken salah satunggaling aspek ingkang wigatos salebetipun proses pasinaon aksara Jawi, amargi kanthi pasinaon nyerat siswa saged medharaken cipta, rasa saha karsa kanthi sinerat. Kaping kalih, guru kathah ingkang

kewetan nalika maringaken seserepan babagan babagan kaprigelan nyerat. Kaping tiga, kepingin badhe nyumerepi kasil punapa botenipun pasinaon nyerat aksara Jawi. Kaping sekawan dereng dipunmangertosi kanthi gumathok bab-bab ingkang ngrerendheti lampahing pasinaon nyerat aksara Jawi kanthi paugeran ingkang trep.

SMP Negeri 2 Baki Sukoharjo kalebet sekolah ingkang ageng ing wewengkon subrayon Sukoharjo. Gunggung kelasipun wonten selikur. Sedaya kelas racakipun nggadhahi bobot ingkang sami. Panaliten punika ugi boten katindakaken dhateng sedaya Kompetensi Dasar (KD), nanging cekap namung katindakaken satunggal KD, inggih punika KD Nyerat aksara Jawi kanthi paugeran ingkang trep. Kaping tiga, pasarujukan antawisipun panaliti kaliyan guru ingkang ngasta basa Jawi ing kelas VII.

Pasinaon aksara Jawi kalebet pepanthan *mata pelajaran muatan lokal*. *Standar Isi* (SI) saha *Standar Kompetensi Lulusan* (SKL) boten kalebet *Setandar Nasional*. Kahanan makaten punika saged nuwuhaken kiranging greged para siswa anggenipun nyinau basa Jawi khususipun aksara Jawi. Punapa malih wontenipun seratan mawi aksara Jawi saha paugeran ingkang karaos angel tumraping para siswa. Para siswa ajrih menawi lepat saha bingung anggenipun milah milih pasangan-pasangan lan sandangan aksara Jawi ingkang trep miturut paugeranipun. Dereng malih wontenipun panganggep bilih nyerat ngginakaken basa Jawi punika kaanggep angel. Mila boten sekedhik siswa ingkang langkung remen ngginakaken aksara biasa tinimbang ngginakaken basa Jawi.

Guru kalebet ingkang ndherek nemtokaken kasil saha kagayuhipun ancasing pasinaon. Guru basa Jawi kedah saged damel Rantaman Program Pasinaon (RPP), milah saha milih bahan pasinaon, nemtokaken pendhekatan saha strategi pasinaon ingkang jumbuh kaliyan *standar kompetensipun*, saha kedah trampil saestu anggenipun maringaken seserepan dhateng para siswa, tumunten para siswa tuwuh gregetipun saha remen nyinau basa Jawi. Kasil saha kagayuhipun ancasing pasinaon ugi boten saged uwal saking sarana-prasarananipun. Pramila salebeting pasinaon ugi kedah kagatosaken babagan swasana saha kahanan ruang kelasipun, medianipun. buku-buku, kalawarti tuwin ariwarti ingkang saged nyengkuyung saha jumbuh kaliyan bahan pasinaonipun.

Kegiatan pasinaon basa Jawi nyakup sekawan *aspeks*, inggih punika kegiatan mirengaken, micara, maos saha nyerat. Bab punika jumbuh kaliyan ingkang dipunngendikakaken dening Ninda saha Haris, bilih ketrampilan basa punika wonten sekawan ingkang raket sanget sesambetanipun, inggih punika: (1) Ketrampilan mirengaken (*listening skill*), (2) ketrampilan micara (*speaking skill*), (3) ketrampilan maos (*reading skill*), (4) ketrampilan nyerat (*writing skill*) (Tarigan, 2008; 1).

Saben ketrampilan ing nginggil nggadhahi sesambetan ingkang raket kaliyan *proses-proses* pamikiran piyantun, basanipun saged nedahaken pikiranipun. Ketrampilan basa namung saged dipunkuwaosi kanthi cara maragani utawi praktik saha anggenipun gladhen. Nggladhi ketrampilan basa ugi ateges nggladhi ketrampilan mikir (Tarigan, 2008 : 1).

Dene nyerat mujudaken kegiatan ingkang asipat *produktif* saha *ekspresif*, ingkang kedah kawucalaken dhateng para siswa SMP. Ketrampilan nyerat mujudaken salah satunggaling ketrampilan ngginakaken aksara. Ketrampilan nyerat aksara Jawi kanthi paugeran ingkang trep saged kagayuh kanthi bimbingan ingkang *sistematis* saha gladhen ingkang *intensif*. Siswa kedah dipungladhi sakedhik baka sakedhik amrih ketrampilan nyerat aksara Jawi kanthi paugeran ingkang trep saged dipunkuwaosi. Minangka dhasaring pasinaon nyerat aksara Jawi kanthi paugeran ingkang trep, siswa kedah kaparingan sangu kawruh babagan teori-teori nyerat aksara Jawi saha paugeran aksara. Kajawi saking punika guru ugi kedah nguwaosi bahan pasinaonipun punapa dene pendhekatan saha metodhe pasinaon ingkang jumbuh kaliyan suwasana tuwin kawontenan kelas.

Ngemuti bilih nyerat aksara Jawi kanthi paugeran ingkang trep punika wigatos sanget tumrap siswa SMP, mila pasinaon nyerat aksara Jawi punika kedah kagatosaken saestu saha kagulawenthah kanthi sae. Kawigatosan saha panggulawenthah ingkang sae badhe ngasilaken siswa ingkang trampil nyerat aksara Jawi kanthi paugeran ingkang trep.

Ketrampilan nyerat tataranipun inggil piyambak tinimbang ketrampilan nyemak, micara saha maos ugi ageng sanget mumpangatipun kados ngendikanipun (Suparno Yunus; 2008, 4). Bilih kagunan nyerat antawisipun (1) ngindakaken *kecerdasan* (2) ngindakaken *inisiatif* lan *kreativitas* (3) nuwuhaken *keberanian* (4) greged kagem *kemauan* lan *kemampuan informasi*. Pasinaon nyerat aksara Jawi kanthi paugeran ingkang

trep ing SMP racakipun kawawas awrat, amargi siswa kedah mangertosi paugeranipun nyerat aksara Jawi saha kedah saged ngginakaken paugeran aksara Jawi kanthi leres. Kahanan ingkang kados makaten ugi dipunalami ing SMP Negeri 2 Baki Sukoharjo.

B. Idhentitas Prakawis

Adhedhasar mula-bukaning prekawis ing nginggil, nedahaken wontenipun pinten-pinten prekawis ing salebetipun pasinaon nyerat aksara Jawi kanthi paugeran ingkang trep ing SMP Negeri 2 Baki Sukoharjo. Pranyata salebeting pasinaon nyerat aksara Jawi kanthi paugeran ingkang trep punika kathah saha maneka wami prekawisipun. Awit kathah saha maneka waming prekawis, pramila boten saged kaserat kanthi rinci. Supados langkung cetha, pramila prekawis-prekawis kalawau kaidhidentifikasi kados makaten:

1. Kirang gregedipun para siswa kelas VIIA SMP Negeri 2 Baki Sukoharjo nyinau basa Jawi.
2. Pasinaon nyerat aksara Jawi kanthi paugeran ingkang trep ing kelas VIIA SMP Negeri 2 Baki Sukoharjo sadangunipun punika kawawas awrat.
3. Kirang trampilipun para siswa ngginakaken sandangan lan pasangan aksara Jawi kangge nyerat ukara aksara Jawi kanthi paugeran ingkang trep.
4. Kasunyatan pasinaon nyerat taksih kados padatanipun utawi *konvensional*, saengga kridhaning siswa dereng ketingal *aktif*.
5. Panganggenipun pendhekatan saha metodhe pasinaon nyerat ingkang kirang trep.

6. Guru asring boten ngginakaken media ingkang saged nyengkuyung rancaging pasinaon.
7. Pasinaon nyerat aksara Jawi kanthi paugeran ingkang trep ing kelas VIIA SMP Negeri 2 Baki Sukoharjo.

C. Wewatesanipun Prakawis

Adhedhasar idhidentifikasi prakawis ingkang dipunandharaken ing nginggil, pramila prelu dipunwatesi prakawisipun supados saged ngener dhateng prakawis baken saha saged langkung lebet pangrembagipun. Panaliten punika dipunwatesi ing prakawis pasinaon nyerat ukara aksara Jawi kanthi paugeran ingkang trep ing kelas VIIA SMP Negeri 2 Baki Sukoharjo.

D. Momotan Prakawis

Adhedhasar watesan prakawis ing nginggil, supados asiling panaliten langkung tumanja pramila prelu kaserat momotan prakawis panaliten punika kados makaten :

1. Kados pundi lampahing pasinaon nyerat ukara aksara Jawi kanthi paugeran ingkang trep ing kelas VIIA SMP Negeri 2 Baki Sukoharjo Tahun Piwulang 2013/2014 ?
2. Kenging punapa ing salebeting pasinaon nyerat ukara aksara Jawi kanthi paugeran ingkang trep ing kelas VIIA SMP Negeri 2 Baki Sukoharjo Tahun Piwulang 2013/2014 lumampah kados dene nalika panaliti nindakaken *observasi*/panaliten?

E. Ancasipun Panaliten

Ancasing panaliten punika dipun ajab supados panaliten ingkang katindakaken boten nyimpang utawi nalisir saking prekawis ingkang sampun dipunserat ing momotan prekawis, saengga asilipun saged jumbuh kaliyan momotan prekawisipun. Dene ancasing panaliten inggih punika:

1. Njlentrehaken kanthi rinci lampahing pasinaon nyerat ukara aksara Jawi kanthi paugeran ingkang trep ing SMP Negeri 2 Baki Sukoharjo.
2. Mangertosi jalaranipun ing salebeting pasinaon nyerat ukara aksara Jawi kanthi paugeran ingkang trep ing SMP Negeri 2 Baki Sukoharjo lumampah kados dene nalika panaliti ngleksanaken pangamatan.

F. Mumpangatipun Panaliten

Panaliten punika katindakaken supados saged mumpangati tumrap kemajengan Pendidikan, mirungganipun tumrap pasinaon basa Jawi. Kanthi princi asiling panaliten mumpangati tumrap:

1. Guru

Asiling panaliten punika saged kangge wawasan tumrapipun guru basa Jawi ngengingi lampahing pasinaon nyerat ukara aksara Jawi kanthi paugeran ingkang trep ing SMP Negeri 2 Baki Sukoharjo. Wawasan kalawau gegayutan kaliyan rencana palaksanaan pasinaon (RPP), lampahing pasinaon, prekawis-prekawis ingkang ngrerendheti pasinaon saha caranipun ngawekani.

2. Sekolah

Asiling panaliten punika mumpangati tumrapipun sekolah, awit panaliten punika nyukani gegambaran babagan kelungkungan saha kekirangan ingkang wonten ing sekolah kasebat, mliginipun ing mata pelajaran basa Jawi. Salajengipun ing wekdal candhkipun sekolah saged nyukani kawigatosan, lelimbangan saha pamrayogi tumrap mata-pelajaran basa Jawi, mliginipun pasinaon nyerat ukara aksara Jawi kanthi paugeran ingkang trep ing SMP Negeri 2 Baki Sukoharjo.

BAB V

PENUTUP

A. Dudutan

Saking asiling *observasi*/panaliten lampahipun pasinaon nyerat ukara aksara jawi ing kelas VII A SMP Negeri 2 Baki Sukoharjo semester 2 tahun pelajaran 2013/2014 saha wawan rembag kaliyan guru punapa dene siswa, wusana ngasilaken sakempalan dhata. Dhata-dhata ginayut lajeng dipun analisis ngangge teori ingkang jumbuh, satemah ngasilaken dudutan bilih kaleksananing pasinaon nyerat ukara aksara Jawi ing kelas VII A SMP Negeri 2 Baki, Sukoharjo semester 2 tahun pelajaran 2013/2014 kados ingkang sinerat ngandhap punika :

1. Lampahipun pasinaon nyerat ukara aksara jawi
 - a) Guru sampun saged nguwaosi piwulang/*materi* nyerat ukara aksara jawi
 - b) *Materi* samadya utawi prasaja
 - c) Pambiji/*evaluasi* ingkang dipuntindhakaken saged kangge ngukur asiling pasinaon nyerat ukara aksara jawi
 - d) Kathah siswa sampun saged nyerat ukara aksara jawi.
2. Sebab musababipun lampahipun pasinaon nyerat ukara aksara jawi
 - a. Guru mboten ngginakaken medhia pasinaon (*laptop, LCD*) wonten ing sajroning lampah pasinaon nyerat ukara aksara jawi.
 - b. *Materi* nipun samadya amargi kajumbuhaken kaliyan tataran kelas.

- c. Metodhe ingkang dipun cakaken jumbuh kalian RPP. RPP kanthi urutan ingkang runtut, saha damel siswa greget nderek pasinaon
- d. Pambiji/*evaluasi* ingkang dipuncakaken supados saged ngukur asiling pasinaon awit lampahipun pambiji/*evaluasi* menika kajumbuhaken kaliyan wekdal pramila ingkang pungkasan guru paring tugas/tes dhateng siswa.
- e. Siswa sampun saged nyerat ukara aksara jawi amargi sampun apal aksara jawi sarta sandhangan lan pasanganipun.

B. Implikasi

Sasampunipun kaleksanakaken analisis dhata pasinaon nyerat ukara aksara jawi saged ka- *implikasi* aken kadosta : pasinaon nyerat ukara aksara jawi ing tataran SMP saged dipunindhakaken kanthi ngginaaken bantuan IT. Panguawosing guru babagan materi aksara jawi umumipun lan kaprigelan nyerat aksara jawi mliginipun kedah dipunindhakaken. Panaliten ing reh nyerat ukara aksara jawi saged ngindhakaken para guru basa jawi SMP anggenipun ngayahi tugas pasinaon, kanthi metodhe tugas nyerat ukara aksara jawi saged damel greget siswa ing pasinaon nyerat ukara aksara jawi tumrap SMP lan ugi nuwuhaken *minat/kreativitas*. Siswa saged dipun sengkuyung kanthi maringi *reward lan punishment* (bebungah lan paukuman) ingkang prayogi.

C. Pamrayogi

Adhedhasar dudutan asiling panaliten babagan pasinaon nyerat ukara aksara Jawi ing kelas VII A SMP Negeri 2 Baki pamrayogi ingkang saged panaliti aturaken inggih menika :

1. Dhateng guru basa Jawi SMP
 - a. Guru kedah nyamektakaken ayahanipun kanthi sae upaminipun nguwaosi materi kanthi sregep nyinau buku-buku referensi ingkang gayut kaliyan materi pokok.
 - b. Guru kedah ngrakit lumadining (*proses*) pasinaon kanthi pendekatan pasinaon ingkang *kratif* lan *inovatif* saengga mboten njuwarehi.
 - c. Guru kedah nyawisaken perangkat evaluasi kanthi sasae-saenipun saha kajumbuhaken kaliyan tujuan utawi ancasing pasinaon.
 - d. Guru kedah mbudidaya tansah paring motivasi lan asring maringi tugas dhateng siswa supados purun sinau lan nyerat aksara Jawi mboten namun ngleresi wonten jam pelajaran kemawon.
 - e. Guru kedah nuhoni *Rencana Pelaksanaan Pembelajaran* ingkang sampun kadamel lan dipundadosaken garan anggenipun ngleksanakaken pasinaon kangge nggayuh tujuan pasinaon ingkang sampun katemtokaken.
2. Dhateng sekolah SMP
 - a. Sekolah lumantar Dinas Pendidikan nyuwun dhateng Badan Kepegawaian Daerah (BKD) ngaturaken panyuwunan supados

dipuntugasaken guru mata pelajaran Basa Jawi ingkang trep kaliyan keahlianipun (jumbuh ijazahipun).

- b. Sekolah kedah maringi kelonggaran dhumateng guru kangge nambah kawruhipun kanthi cara nderek kuliah ing tataran sanginggilipun, Musyawarah Guru Mata Pelajaran (MGMP), seminar, lokakarya, *workshop* utawi *pelatihan*, saengga saged ningkataken seserepan lan *profesional* guru.
- c. Sekolah kedah nyamektakaken perantining pasinaon ingkang trep, umpaminipun buku-buku penunjang, tape recorder, LCD ingkang cekap, saengga pasinaon langkung gesang lang langkung *efektif*.

KAPUSTAKAN

- Abdur Rahman (dalam Ponisih, 2009: 34). *Pengembangan Pembelajaran Aksara Jawa dengan Macro Media Flash MX*.
- A. R., Syamsudin. 2009. *Dari Ide - Bacaan - Simak Menuju Menulis Efektif*. Bandung: Bumi Siliwangi.
- Akhadiah, S. Dkk. 1992. *Pembinaan Kemampuan Menulis Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga.
- Anitah, Sri. 2008. *Media Pembelajaran*. Jakarta: Yuma Pustaka
- Aunurrahman. 2010. *Belajar dan Pembelajaran*. Bandung: Alfabeta.
- Ciptoprawiro, Abdullah. 1986. *Filsafat Jawa*. Semarang: Media Wiyata.
- Djamarah, Syaiful Bahri, Aswan Zain. 2006. *Strategi Belajar Mengajar*. Banjarmasin: Rineka Cipta.
- Fatturohman, Pupuh. M Sobri,S. 2007. *Strategi Belajar Mengajar Melalui Penanaman Konsep Umum dan Konsep Islam*. Bandung:Refika Aditama.
- Hadisoebroto. 1986. *Paramasastra Jawi*. Surakarta : Penerbit Widya Duta.
- Haryadipura, K.RT. 2000. *Susuluh Seratan Jawi*. Surakarta: SanggarPasinaon Pambiwara Karaton Surakarta Hadiningrat.
- Hamalik, Oemar. 2001. *Proses Belajar Mengajar*. Bumi Aksara. Jakarta.
- Haryadipura, KRT. 2000. *Susuluh Seratan Jawi*. Surakarta: Sanggar Pasinaon Pambiwara Karaton Surakarta Hadiningrat.
- Hemowo. 2003. *Mningkat Makna: Kiat-kiat Ampuh untuk Melejitkan Kemampuan Plus Kemampuan Membaca dan Menulis Buku*. Bandung Mizan
- Imron Rosidi. (2009). *Menulis... Siapa Takut?*. Yogyakarta: Kanisius
- Ismawati, Esti. 2012. *Perencanaan Pengajaran Bahasa*. Surakarta: Yuma Pustaka.
- Kartono. 2009. *Pengembangan Materi Guru Sekolah Dasar*. Surakarta: MataPadi Pressindo.

- M. Basir. 2001. *Permasalahan Pengajaran Bahasa Jawa Di Lingkungan Pendidikan Tingkat Dasar” Problem Mengurai Benang Kusut*. Yogyakarta. Ambarukma Palace Hotel.
- Majid, Abdul. 2010. *Perencanaan Pembelajaran: Mengembangkan Standar Kompetensi Guru*. Bandung: Rosdakarya.
- Mangunsuwito, S.A. 2002; *Kamus Lengkap Bahasa Jawa*. Bandung: Yrama Widya.
- Moleong, Lexi J. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung :PT Remaja Roesdakarya.
- Ngadi. 2013. *Pasinaon maos paragraf aksara jawi*. Unwidha: Klaten.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*, Batavia: J.B. Wolters Uitgevers Maatschappij N.V. Groningen
- Rusman. 2011. *Model-Model Pembelajaran Mengembangkan Profesionalisme Guru*. Jakarta: PT. Rajagrafindo Persada.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 1989. *Paramasastra Jawa Gagrag Anyar*, Surabaya: PT Citra Java Murti.
- , 2010. *Paramasastra Jawa Gragag Anyar*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti
- Setiyanto, Aryo Bimo. 2010. *Paramasastra Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Siswoyo, dkk. 2007. *Ilmu Pendidikan*. Yogyakarta : UNY Press.
- Slamet. 2011. *Pasinaon Nyerat Paragraf mawi Aksara Jawi Studi Kasus ing Kelas VII A SMP Negeri 1 Delanggu Klaten Semester Genap Tahun Pelajaran 2011-2012*.
- Sudaryanto. 2012. *Cerdas Menulis Karya Ilmiah*. Klaten: Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma bekerja sama dengan Yayasan Ekalawya.
- Sudjana, Nana. 1987. *Cara Belajar Siswa Aktif dalam Proses Belajar Mengajar*. Bandung: Sinar Baru.
- Sudjana, Nana. 2004. *Metode dan Teknik Pembelajaran Partisipatif*. Bandung : Falah Production

- Sugihartono Dkk. 2007. *Psikologi Pendidikan*. Yogyakarta: UNY Press
- Sugiyanto. 2008. *Model-Model Pembelajaran Inovatif*. Surakarta: Panitia Sertifikasi Guru Rayon 13.
- Sugiyono. 2007. *Metode Penelitian Pendidikan: Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R & D*. Bandung: Alfabeta.
- , 2008. *Model-Model Pembelajaran Inovatif*. Surakarta: Panitia Sertifikasi Guru Rayon 13.
- Suparno dan Yunus. 2010. *Keterampilan Dasar Menulis*. Jakarta: Universitas Terbuka.
- Sutarjo, Imam. 2008. *Kawruh Basa saha Kasusastran Jawi*. Surakarta: Jurusan Sastra Daerah Fakultas Sastra dan Seni Rupa Universitas Sebelas Maret.
- Suwama. 2002. *Strategi Penguasaan Berbahasa*. Yogyakarta: Adicita Karya Nusa.
- Sutopo, Ariesto Hadi. 2006. *Pengantar Grafika Komputer*. Yogyakarta. Grava Media.
- Tarigan, Henry Guntur. 2008. *Menulis Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- Wahyudin. 2008. *Pembelajaran Dan Model-Model Pembelajaran (Pelengkap Untuk Meningkatkan Kompetensi Pedagogis Para Guru dan Calon Guru Profesional)*. Jakarta. Penerbit Ipa Abong.
- Wasana. 2011. *Trampil Maca lan Nulis Aksara Jawa*. Klaten: Cakrawala Baru.
- Yin, Robert K. 1987. *Studi Kasus Desain dan Metode* diterjemahkan oleh M. Djauzi Mudzakir. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Zoetmulder, P.J.. 1993. *Bahasa Parwa H*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.